

Ijambo rishikirijwe n' Umukuru w'Igihugu Nyenicubahiro Varisito Ndayishimiye ku musu wo kwipfuriza umwaka mwiza indongozi mu gisata c'ubutungane

*Imana Mushoboravyose nihezagirwe Yo nkomoko y'Ubutungane bwose, ikaba ari Yo yadutoye ngo dutunganirize abo yaremeye kuba muri kino gihugu c'Uburundi. Ni lhezagirwe ubu n'imyaka yose.*

1. Ndanezerejwe no kubona ndonse aka kanya ko kwicarana na mwe, ngo dusangire akanyamuneza k'umwaka mushasha. Ndazi ko mutari mumenyereye kubona Umukuru w'Igihugu yipfuriza umwaka mushasha abagize urwego rw'Ubutungane ku buryo bw'umwihariko.
2. Munkundire rero imbere yo kubandanya ikiyago mbanze ndabakeze kuko, naho kenshi urwego rw'Ubutungane rwajuragijwe muri kahise, gushika n'aho bamwe bamwe barwibagiza ko ari urwego rw'igihugu, bagashaka kurugira urwego rw'abantu, harabonetse muri mwebwe Intwari n'Abahizi bumira kw'ibanga bafasha Ubutungane kuguma buhagaze neza no kuguma bwizewe.
3. Nka kumwe twama turirimba mu ruririmbo ruhayagiza igihugu cacu tuti : Burundi bwacu warapfunywe ntiwafuye, niko twari dukwiye kuvuga no ku rwego rw'ubutungane.

Koko si ivy'imbeshere, kuva habaye amasezerano ya Arusha agashigikirwa n'amasezerano yo guhagarika ingwano burundu mu gihugu cacu, Uburundi buguma bwiubura uko bukeye uko bwije. Uko bukeye uko bwije niko abarundi bahinduka bagahindura ibintu. No mu gisata c'ubutungane nyene ni kwo kwuko.

4. Ico kumenya gusa ni uko guhindura itunganywa ry'ubutegetsu bw'ubutungane vyoroshe ariko guhindura imitima y'abaserukira ubwo butegetsu atari ikintu coroshe nkuko abantu bashobora kuvyiyumvira. Uravye imyaka Uburundi bwamaze mu magume na cane cane bitewe n'uburongozi bw'igihugu, bimeze nkuko ingeso mbi zari zaramaze kwinjira mu mitima y'abarundi mbere zimera nk'izitembera mu maraso yabo kuburyo kuzihana atari igikorwa coroshe.

Mu bisanzwe, umuntu arashobora kwihanagura ubuhoma canke arashobora gukubura umwanda mu nzu bigakunda. Ariko ingeso itembera mu maraso biragoye kuyiyuhagira. Nico gituma kugira dushike kuri iyi ntambwe vyadutwaye umwanya munini.

5. Ariko turashimira Imana mushobora vyose yoyo yabonye ko abarundi turushe, dukeneye gukira, ikarungika mutima mweranda akaduhanura tukava mu bukoko tukaja mu buntu.

Kuri uyu musu sinorya umunwa mu kuvuga ko agatima k'ubukoko kariko karahera mu mitima y'abarundi kuko ubwicanyi bwaragabanutse bimwe biboneka mu gihugu naho ahari abantu hatabura uruntu runtu.

Twarakize koko. Twarakize kuko mu misi iheze ntwari azi ko bishoboka ko Uburundi buba nkuko buri ubu. Mbere abanyamahanga bobo, namba aruko ari bo baturoze, baracabona ko tugishobora gusubira inyuma. Ndabivuga ndabizi kuko muri bo hari beshi bakibona ko dushobora gusubira inyuma ari naco gituma umengo batugumizako ijisho nk'uwuragira intungwa mbere rimwe na rimwe bagakokeza kugira barabe ko ka gatima katosubira kuvyuka.

6. Nagira ndabaremeshe, nk'umuntu akurikiranira hafi ubuzima bw'abenegihugu mu mpande zose z'Uburundi. Jewe, ubwanje, ndabona ko tworema kuko iyo twavuye, ivyo twacyemwo tukabiheba ni vyishi kuruta ingorane ziduhanze zisigaye imbere yacu.

Ariko ntitumere nk'imwe ikira isemu ikibagira icayirukanye, twoguma twibuka amabi twacyemwo kugira ntidusubire kugwa mu mutego twaguyemwo aho hambere. Nico gituma dushimira umugwi washinzwe gutohoza ukuri no kwiga inzira yo kurekuriranira no gusubiza hamwe kugira abarundi twese duhuze kuri kahise kacu kabashe kutubera icirwa kizotuma n'urwaruka ruzokurikira rugira ico rusonera.

7. Uno musu ko turamutse duteramana mwebwe mujejwe ikibazo c'ubutungane, reka dusubize amaso inyuma turabe icanyoshe Uburundi kugirango twigire inama yo kugica kure.

Mu masezerano ya Arusha, abanyepolitike bari mu biganiro barasesanguye basanga, ubwambere,

umuzi nyamukuru watumye indyane zaduka mu gihugu ari indyane zifatiye kwitunganywa ribi ry'ubutegetsi bw'igihugu n' irongorwa nabi ry'igihugu bigaca bitandukira ikibazo c'ikumirana rifatiye ku bwoko. Ubwakabiri bikaba vyibonekeje ko ingorane zashikiye abenegihugu zavuye ku ndyane hagati y'imigwi ya politike bamwe bashaka gufata ubutegetsi abandi bakanka kuburekura.

8. Umuntu avyumvirije yotegera ko ivyo vyari ibisanzwe, ko bitari gutuma abarundi batiteze kuja ku butegetsi bicwa; hari kwicana ababipfa, abenegihugu badahahamira ubutegetsi bagasigara. Nico gituma umuntu abisesanguye neza, biboneka ko imvo nyamukuru ya vyose ari akarenganyo kakorwa n'uburongozi bw'igihugu.

Ako karenganyo kava kugukumira abandi mu bijanye n'ubuzima bwiza igihugu gitanga kuko no mu mategeko mpuzamakungu araba ibijanye n'agateka ka zina muntu, mbere bikaba vyahavuye bija no mw'ibwirizwa nshingiro rya Repubulika y'Uburundi, mu gihugu abenegihugu bose barangana imbere y'amategeko mu burenganzira no muvyo basabwa.

9. Munyumve neza, simvuze ngo abahutu n'abatutsi n'abatwa barangana imbere y'amategeko y'igihugu, mvuze abantu bose, abenegihugu bose. Yaba muremure canke uwuvyibushe, yaba uwuri mu bwoko ubu canke buriya, yaba umugore canke umugabo, yaba uwuri mu mugwi canke ishira hamwe iri canke ririya ndetse yaba n'uwuva mu ntara iyi canke iriya. Abadafise uburenganzira bungana ni abadasangiye ubwenegihugu.

Iyi ni ingingo ngenderwako ifatirwako mu butegeetsi ubwo ari bwo bwose bw'igihugu.

10. Iyo ubutegeetsi budohotse kuri iyo ngingo, indyane ziba zitanguye. Nico gituma kw'isi hari urugamba rwiza n'urugamba rubi. Urugamba gwemewe ni urugamba rwo kugwanya ikumirana, rwo kugwanya gucanishamwo abenegihugu. Nico gituma mu ntangamarara y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ryo mu 1948 rishimangira ko "ari ntabanduka ko agateka ka zina muntu gategerezwa gukingirwa n'ubutegeetsi bushingiye ku mategeko, kugira umuntu ntahave asanga ari ngombwa ko, kugira yigwaneko, ategerezwa gukoresha igikenye mukwikurako, intwari z'agatotezo, akarenganyo n'agacinyizo".

11. Amategeko! Amategeko ni yo nkingi y'amahoro, impore n'umutekano kuko muvuyukuri amategeko nyayo araba bose, ntakumira. Ari uguhana, ahana abayarenze bose ata gucagura, ari ukugira neza, agirira neza bose ata gukumira.

Umurongozi, cane cane umucamanza niwe ategerezwa kuyahagararira agakurikirana neza ko abarongozi bose bayakurikiza kugira ntihagire n'umwe arenganywa mu gihugu. Ico nico catumye abari mu biganiri i Arusha babona kumwe ko, ku ntwaro ya cami, kubera ingene ubutegeetsi bw'igihugu bwari butunganije, ata ndyane hagati y'imigwi y'ubwoko yigeze ibaho mu gihugu c'Uburundi. (Raba ikigabane cambere ingingo yambere agace ka gatatu).

12. Mbere naho batigeze babivuga, jewe ndemeza ko atamugwi w'ubwoko mu Burundi wigeze witunganya ngo uje gutera uwundi mugwi kuko ntaho vyari guhera.

Nta kizigenza w'ubwoko yigeze abaho mu Burundi, habaye abitwaza ubutegetsu bw'igihugu, igikenye c'igihugu kugira ngo batoteze abari mu mugwi kanaka. Ivyo navyo ntibisigura ko ari umugwi wateye uwundi; ahubwo ni uburongozi bwatoteza ubwoko.

Mvuze uburongozi kuko ndazi ko ata butegetsu bw'igihugu burenganya; amategeko ntarenganya, harenganya abantu baserukira ubutegetsu, bakarenga amategeko kugira batoteze, barenganye canke bacinyize abo binuba.

13. Mbere dufatiye kubwicanyi bwabaye mu 1972, musomye abarundi bose banditse kuri ubwo bwicanyi, hari icyo bahurizako, ijamba ngo "gutinye ko abahutu bobica". Dufatiye ku cegeranyo ca wa mugwi wo kumenya ukuri no gusubiza hamwe, turabona neza mbere ko hari n'abaremantaniye urwanko hagati y'abahutu n'abatutsi, uburongozi buca bwifata nk'ubuhengamira ku mugwi umwe ataho vyakabonetse ko ubutegetsu bw'igihugu buhengama.

Nico gituma imiti abari mu biganiriro i Arusha batoye ihagaze ahanini kubiraba itunganywa gushasha kw'ubutegetsu bw'igihugu n'itunganywa ry'uburongozi kugira ngo haboneke ubutegetsu bushingiye ku mategeko n'indongozi zihagararira ayo mategeko ataguca ku ruhande. Ubu rero ko duhuye tujejwe guhagararira amategeko, dukwiye gukurikira icyo nzira yaciye. Nico gituma ubu ari akaryo ko kwisuzuma ngo tutrabe ko indongozi zose, zaba izo mu rwego rw'ubutungane canke mu gwego nshingwantwari na nshingwabikorwa dukora tutagira nkunzi.

Mbere nagira mbonereho guhumuriza mwebwe abacamanza.

Naho muri mwebwe hari abagirizwa ko baca iza ngondagonde canke bakarya ibiturire, ntaho ndumva uwitwara ngo banciriye rubi kubera ubwoko nko hambere aho. Abagirizwa, ndetse n'abo Inama nkuru y'ubucamanza yasezereye, ni abahutu n'abatutsi. Murumva ko ata vy'ubwoko birimwo, n'iyo ni intambwe. Nico gituma ubu dukwiye kwiraba utunenge ahandi dufatiye:

14. Ubwambere, mbega ubutegetsu bw'igihugu bushingiye koko ku mategeko buriho? Aho ndishura ntarya umunwa ko buriho kuko abarundi bo nyene baritoreye ibwirizwa nshingiro, ari ryo amategeko yose ashinzeko imizi. Nivyo, turazi ko amategeko atama na ntaryo agorotse kuko ajana n'ibihe nkuko abenegihugu bama na ntaryo bafise bishasha bipfuzwa canke ibihe bigahinduka. Nico gituma inama nshingamateka idahengeshanya gukora kugira ihinyanyure amabwirizwa atajanye n'igihe Uburundi bugezemwo.

15. Ikinezereje uyu musu ni uko n'amategeko akeneye guhinyanyurwa, abenegihugu bafise ububasha n'uburenganzira bwo kuyanegura bakanashikiriza n'icohinyanyurwa. Ndetse ubu baranafise uburenganzira bwo kunegura abarongozi bigenza nabi. Ivyo veyerekana ko ingendo ya demokarasi yamaze gushinga imizi.

Ikindi ciza ni uko gushika ubu biboneka ko mu gihugu ata rwego rugishobora kuburagiza urundi canke ngo rurukoreshe ukutari ko. Ikindi ciza kiboneka ni uko atawovuga ngo abanegihugu barishira hejuru y'amategeko kuko n'uwubigize arashengezwa hanyuma agafatirwa ingingo.

Ariko agatoki kamenyereye gukomba kama gahese, hari abari baramenyereye ko amategeko afata aba akareka abandi, abo baracatera igere. Hari n'abandi bari bazi ko ufise igihagararo iki canke kiriya uba ufise ubudahangarwa, abo nabo baracagorana.

16. Ubwakabiri, ikibazo co gusuzuma ni ukuntu uburongozi bw'igihugu bukorera abenegihugu. Iyo tuvuze uburongozi nka mwebwe abacamanza ngira ngo mubitahura ningoga ko ubutegetsu n'uburongozi bidasa na gatoyi. Mu gihe ubutegetsu ari urwego gwashizweho n'amategeko, abahagarariye izo nzego kugira bayobore abanyagihugu mu nzira iroresha mu kubaho kw'ubuzima bwabo, nibwo burongozi. Ubutegetsu bw'igihugu bugabangana ibikorwa mu mice itatu ari bwo butegetsu nshingwantaro, ubutegetsu nshingamateka n'ubutegetsu bw'ubutungane. Ubwo butegetsu bwose burafise abahinga, ari zo ndongozi zibarizwa ku rwego urwo ari rwo rwose, kuva mu ntara gushika ku mitumba.

Abo bagize uburongozi nabo ni bo basabwa kwubahiriza amategeko mu guhana abayarenze no gutatura abatase; ndetse ni bo bajewe no gutunganiriza abenegihugu ata wandya wangura, ata mwana n'ikinono.

17. Mw'itunganywa ry'ubutegetsu bw'igihugu, kugira abenegihugu baronke aho bitura badatanye, ubutegetsu buhera ku cicaro c'igihugu gushika ku murongozi w'imiryango cumi. Nico gituma uno musu, uretse ko ari akaryo ko kwisuzuma ivyo twaranguye muri uyu mwaka urangiye, ni n'akaryo ko kwigira inama kugira turamire abanyagihugu mu gutsimbataza iwabo ubutegetsu bw'igihugu.



Nagira ndabamenyeshe kuri uyu musu ko iyo umenegihugu ahonyorwa ku gakanu ntihagire uwumutabara, akarenganywa ata camira, ni nkuko ubutegetsu bw'igihugu buba bwatakaye aho uwo umenegihugu aherereye. Ababuserukira baba bamaze guhemuka. Ni muri icyo ntumbero mumaze imisi mubona ba buramatari turiko turabamenyereza kwumviriza abenegihugu, ni co gituma mubona namwe mutakibaryamana icyo hari agahaze.

Ni kandi muri icyo ntumbero abashikiranganji bose baheruka kugira ingendo mu ntara zose kugira abenegihugu babibarize akababakiye amaso mu yandi.

18. Abacamanza rero mumenye icyo muri n'ubutumwa bwanyu. Umucamanza niwe aserukira sentare, agaca urubanza kw'izina ry'abarundi bose. Ngirango ngaha turategera ko atawicira urubanza, urubanza rucibwa kw'izina ry'abarundi. Bisigura ko icyo umucamanza arenganiye, agaca urwa ngondagonde aba ahemukiye abarundi. Aha nizeye ko muhategera.

None niko bimeze? Izo muciyeye abarundi bose barazikenguruka, kumbure beshi beshi muri bo?

Ariko n'aha nagomba kubaremesha. Ni mwaba mubona hari abatari bake banegura imanza muciyeye, si ukuvuga ko ziba ari iza ngondagonde. Kubera umwizerano hagati y'urwego rw'ubutungane n'abenegihugu wari waratitutse, hariho n'ubu abagifise ako gatima kumwe kwa Natanayeri mw'ijambo ry'Imana ngo "Nta ciza kiva i Nazareti. Bakanka gushira aho intahe ishize. Abandi nabo ni bamwe bari baramenyereye ko icyo badashaka kidakorwa, bakaguma bunguruza ngo bazoshika aho babubahiriza.

Abagatatu banka imanza nabo ni abashaka kuzembagiza ababuranyi batishoboye ngo bikunde baruhe, hanyuma bahebe. Abo bose ni abakiboheye i mugongo ubutungane.

Ariko rero haracariho n'abacamanza bakiri muri ya ngendo yakera, badaca urubanza, baraba umuntu barucira, abandi bagaca imanza bakurikije ingene bapfumbatishijwe.

19. Umucamanza yomenya ko ubu turi mu gihe co kwinegesera. Ubwambere turi mu ntwaro ya demokarasi, umurundi wese arafise uburenganzira bwo kuvuga akamubakiye no kwagiriza indongozi yigenza nabi, naho yoba umucamanza. Ubwakabiri, urwego rw'ubutungane ruriko rusokoka ruva mu gihe abarundi bari barabukuyeko icizere kubera rwakoreshwa n'akagwi k'abantu.

Uno musu rero, utiriganye uri umucamanza, biratoneka abarundi. Mukaba muzi, mvuge nka wa mucuraranzi w'inamga, ko ugukomeraka kubabaza, ugutonekara kutaraza. Ntimuze mutangare mwumva ko abacamanza badomwako urutoki kurusha izindi ndongozi; iyo umuntu arenganijwe mu rubanza, ni inyama mbisi iba ivyuye iyumye.

20. Mbere ni muri iyo ntumbero kugira igihugu corohereze ubutungane mu kwivyukiranya, hategekanijwe ubutungane bunywanisha.

Hariho imanza twovuga ko zagashe, ubutungane bw'uno musu buzigiye vyotuma ahubwo tudatera intambwe.

Izo nazo zikaba ari izijanye n'ingorane igihugu caciyemwo aho kidashoboye kugira amatohoza y'ukuri ngo ubutungane bukurikirane inkozi z'ikibi zikubitwe intahe mu gahanga. Iyo tutabicisha muri icyo nzira, umwicanyi w'uno musi ntawomukozeko kuko yociye avuga ati hera kuri uriya yishe beshi. Murumva ko imanza zari kuba urusobe rugusobanura.

21. Ubutungane bunywanisha ntibushobora kuba intambamyi z'ubutungane nyabwo. Ubutungane nyabwo butuma haba uwutsinda n'uwutsindwa, uwutsinze agataha yivuga amazina, uwutsinzwe nawe yijiriwe. Urumva ko abo bantu babiri bigoye kunywana.

Ariko ubutungane bunywanisha bwobwo buguma busubiza abantu hamwe kugira bese bategere kumwe ko igihugu cahahombeye, bakigira inama yo kwubaka ubuzima bushasha. Nico gituma mubona tuguma dukorana umwete mugusigura ko ihonyabwoko ryabaye mu 1972 ridashobora gutuma abarundi dusubira gucanamwo. Ahubwo ikitunzezeza ni uko bese, baba abahutu canke abatutsi babiterera ivyatsi hamwe kuko nta bwoko bwagirizwa ubwo bwicanyi.

Ahubwo nsubiye kuboneraho akaryo ko gusaba ikigongwe kw'izina ry'igihugu kuko abakoze ihonyabwoko, nkuko twavumvise mu ntahe ababikoze bashinze, bitwaza igihagararo c'igihugu. None rero ubu ni akaryo ku ndongozi ko kwama zitwararitse kugirira neza abenegihugu bese badakumiriye.

**Bavukanyi;**

**Bacamanza;**

- 22. Ubwambere twariko tugira umwihwezo, ariko reka tuje kw'ido n'ido ry'uyu musi.**

**Bubaye ubwa mbere duhimbariza hamwe Umwaka Mushasha, ariko mwomenya ko kuva ubu tugiye kubigira umugenzo. Ahubwo nobasaba kwicara kugira mutegure neza, ntituzoze turagira imigirwa ibiri isa mu mwaka, tugire umusi umwe kurya mu nzego z'umutekano turiko dutegura umusi uzoba uzihariwe.**

- 23. Munkundire mu gutangura uyu mwaka, ndabasabe tuzirikane iteka Imana yaduteye, mu kudutora mu miriyoni z'Abarundi, ngo tube ari twebwe turonka ubwo butumwa budasanze bwo gutunganiriza abo barundi. Nk'uko nabibayagiye ku musi twugurura icese umwaka w'ubutungane w'2022-2023, uwutunganiriza abantu akora ubutumwa bw'Imana; ari ku murimo w'Imana.**

**Kumbure mubibona ibisanze ubu, kuko dusigaye dufise mu bwoko bwose bw'Abarundi abantu banzuye Amatsinda (Diplôme) y'Ikirenga na Kaminuza mu bijanye n'amategeko, kandi bakorera mu bisata vyose. Ariko kugira ngo mutahure ko mwatoranye akatabonetse, ni muzirikane kahise k'igisata c'Ubutungane canke kahise k'igisata c'amategeko muri Kaminuza y'Uburundi.**

- 24. Ndizeye ko rimwe rimwe muronka akanya ko kuyaga, abakuze bagacira agace abakiri bato. Harabaye ibihe Ubutungane butunganiriza bamwe abandi bukabafata minenerwe.**

Harabaye ibihe Abarundi bamwe bamana ubwoba, abandi bagafatwa bagapfungwa batazi ico bazira, abandi na bo bagaciribwa imanza z'ikibiriraho kandi n'ukwicwa bakicwa ata caha bakoze.

25. Abantu bafise imyaka 40 n'ukurenga muri mwebwe barabizi. Kuva Kaminuza y'Uburundi ishingwa mu 1964, igisata c'amategako muri kaminuza y'Uburundi, camye ari igisata gihurumbirwa n'abanyeshure benshi, ariko kukijamwo ntivyari ivya bose canke bave mu ntara zose.

Bisigura rero ko kuba Umucamanza, Umushingwamanza, Inyamiramabi, canke Indongozi mu gisata c'Ubutungane mu Burundi bikiri iteka ridasanze gushika iyi saha, umuhamagaro w'Imana, ingabirano itahawe benshi.

Bavukanyi murongoye abandi mu gisata c'Ubutungane,

26. Muribuka ko mwakuyu nk'aya mango twateye igikumu kw'lbwirizwa risubiza iteka Intahe yo ku mugina, ari ryo ryatumye mu mwaka uheze dushobora gushiraho Urwego rw'Abahuza ku mitumba no mu ma karitiye yose y'Uburundi, kugira yakire imanza z'amatati , bumvikanishe abatase gutyo twohereza abenegihugu batarinze kwitura amasentare y'intango. Uno musi Abahuza bamaze amezi arenga atatu bari ku kivi. Nibaza ko hakiri kare kugira ngo dusuzume icahindutse kubera ibikorwa vyabo.

27. Ariko naho ata wuvuka rimwe ngo yuzure ingovy, turumva ko intango ari nziza, kuko abenegihugu barwitura rurabakira kandi bakishurwa ku bibazo vyabo. Vyongeye, hariho imanza zihareraho bigatuma abenegihugu baja ku bikorwa vy'iterambere aho kwirigwa mu nzira biruka mu manza. Sentare na zo zikaremururwa zigaca zironka imanza nke, bigatuma zizoronka inyishu kare. Abene
28. Abagize urwego rw'abahuza bo ku mitumba turazi ko bafise ingorane zijanye no kutaba bararonswa ubumenyi buhagije mu vyerekeye gutunganiriza ababituye, kutagira ibikoresho bikwiye bibafasha kurangura imirimo yabo borohewe, kutagira ibibanza bakoreramwo, agashirukabute, n'ibindi. Dusaba rero mwebwe mu bakurira kubafata mu mugongo no kubaba hafi, mu kubakarihiriza ubwenge, guryo bashobore kurangura neza imirimo yabo.
29. Ku bijanye n'aho bokwakirira ababituye, abajejwe intwari n'abajejwe ubutungane barabe ingene babaronderera ikibanza ahasanzwe hari ibiro vy'umukuru w'umutumba, canke ahandi hose hashobora kuboneka ikibanza boba barifashisha mu kurindira ko haboneka umuti w'ico kibazo.
30. Ku vyerekeye inama nkuru y'ubucamanza, twovuga ko ifise uruhara ruhambaye cane, kuko mw'ibwirizwa riyigenga, Inama nkuru y'Ubucamanza isanze bigaragara ko urubanza rwaciwe nabi ica ifata ingingo zose zikenewe, kugira ngo uwarenganijwe arenganurwe; mu gihe ariko urwo rubanza rwamaze guhetura

inzego zose z'ubutungane, ata handi na hamwe umuburanyi aba agifise yungururiza. Ivyo rero nk'uko twavuze ko ubutungane buhitiye bwarangwa n'igikenye, umuntu yarazira ubunyakamwe.

31. Turashima ingingo Inama Nkuru y'Ubucamanza imaze gufata zo gutunganiriza abacamanza bayitura, mu gihe babona ko aba batwara babarenganije mu kubaha ibihano vy'akarenganyo, ingingo zo kugena burundu canke kuduza amapete ku bacamanza bakwije ibisabwa n'amategeko, ingingo zo gukura mu kazi burundu abacamanza baranzwe n'ingeso mbi yo kurya ibiturire canke no kwakira abenegihugu bayituye bavuga ko barenganijwe mu manza baciriwe n'amasentare atandukanye, canke imanza vyananiranye ko zishirwa mu ngiro.

32. Twashaka tubonereho akaryo ko gukebura abituye inama nkuru y'ubucamanza, ko boyishikiriza amadosiye berekana ko ko koko hari aho barenganijwe, bakareka kuzana amadosiye bafise intumbero yo kudindiza gusa imanza, kugira ngo ntizije mu ngiro, maze uwatsinze ntapfe ashikiriye ico yatsindiye. Abo bizogaragara ko bafise ako gatima, hazotunganywa amategeko yo kubahana kuko bazoba ari abashaka kujuragiza inzego z'igihugu.

33. Ariko vyaribonekeje kandi ko abituye Inama Nkuru y'Ubucamanza batashotse baronka inyishu ningoga ku bayituye, bitewe ahanini n'uko integuro yo kwiga amategeko yokurikizwa , mu gushira mu ngiro ingingo iyo Nama Nkuru iba yafashe, na cane cane imanza izoba yabonye ko zaranzwe n'akarenganyo

itarahera. Turasavye dushimitse abariko barahinyanyura iryo tegeko borinyarutsa, kugira abenegihugu batunganirizwe neza, ku buryo ibibazo vyabo bironka inyishu kandi hakabaho n'urwego rw'ubutungane ruca rwiga neza ingingo ibereye yoca ishigwa mu ngiro.

**Ndongozi mwese mu rwego rw'Ubutungane,**

34. Turabateye intege kubandanya amasekeza yo gushika ku matongo kugira ngo imanza ziburanishirizweyo, abenegihugu bakoroherwa kuko ingendo ziba nto, abacamanza nabo bagashika ku matongo ataco basavye, kubera uburyo bwo gushika ku matongo n'impamba y'urugendo bwatanzwe na Reta.

35. Ariko rero n'ubwo tubishima, hariho n'agahaze, kuko abenegihugu baranegura ko bama barindira isekeza ritunganywa kugira imanza zabo zicibwe kandi zategerezwa kuza ziraburanishwa uko zinjiye mu gihe kibereye, kandi abenegihugu baranegura ko hari n'imanza zicibwa abacamanza batarinze gushika kw'itongo, murumva ko urubanza ruba rwaciwe atamuco ukwiye baba baronse.

36. Ku vyerekeye ikibazo c'abanyororo barwiriye mu mabohero, twaratanzwe intumbero itomoye tuvuga abafise ivyaha vyotuma baja mu munyororo, nk'abicanyi, abagira icaha co gufata ku nguvu, no guhungabanya umutekano w'igihugu; ariko hariho bamwe bamwe mu Nyamiramabi no mu Bashikirizamanza n'abacamanza, batarategera neza ko gupfunga ari ingingo ya nyuma.



37. Muri uyu mwaka uheze kandi, mwarize amadosiye menshi y'abanyororo bapfungiwe ivyaha bitobito hamwe n'abigenjeje neza mu munyororo kugira barekurwe. Ariko nk'uko mwabibonye, mw'ijambo nashikirije nipfuriza umwaka mushasha Abarundi, sinashimye gusubira gufata ingingo yo kurekura abanyororo kuko nzi neza ko ico gikorwa kitarahera. Ni mureke rero gukwega amaguru, abo bagishinze nibagikore kive mu nzira.
38. Turipfuzaza kubona abapfungwa bataguma baba umutwara ku gihugu, ariko nyabuna ko bokoresha ibikorwa bifitiye akamaro igihugu kandi na bo nyene bikabafasha. Ni vyiza ko hariho imanza zacitse zitanga ivyo bihano, aho mu ntara za Muramvya, Makamba, Ruyigi na Rutana.
39. Abakurikiranye ikiganiro twagiranye n'Abamenyeshamakuru hamwe n'Abenegihugu, canke ibiganiro Abavugizi b'inzeho batunganiye, ngira ngo baribonye ingene igitigiri c'abantu batabaza Umukuru w'Igihugu ngo abatunganirize kiguma congerekana. Ivyo vyerekana yuko hariho amadosiye abakora mu gisata c'Ubutungane badabadanganije, hamwe n'imanza nyinshi zacitse, ariko zananiranye gushirwa mu ngiro.

**Ndongozo mwese mu rwego rw'Ubutungane,**

40. Dutahure kandi dutahuze yuko mu bisanzwe umukuru wa sentare mu ntara ari we abazwa ibibazo vy'ubutungane muri iyo ntara, ni ukuvuga ko kugira urubanza ruve ku cicaro rwunguruzwa hejuru, umukuru w'iyo sentare ategerezwa kuba ashobora kwerekana ko naho bokwunguruza ko bazosanga bisa. Ku buryo umukuru w'igihugu bimushikiriye na we azosanga ari urwo yari guca mu mategeko. Ivyo vyomutera iteka, bikamuha n'icubahiro mw'ibanga ryiwe kuko yoba koko akurikiza amategeko n'ukuri.
41. Dusubire tuzirikane iteka n'ibanga ryo gutunganiriza abantu. Abantu benshi babona gusa ubutungane nk'urwego rutunganiriza abantu rukurikije amategeko, kuko ubutungane bwubakiye ku mategeko, bukerekana ivyo umuntu ategerezwa be n'ivyo umuntu afitiye uburenganzira, bugaca urubanza atawe bugize nkunzi kandi bukurikije ivyo umuntu akwiriye.
42. Umucamanza araba n'umuhuza, ni co gituma umukuru wa sentare ategerezwa gusigurira neza uwudashimye aho intahe ishize, kugira amusigurire kandi amwumvishe, abone ko arira busema. Umucamanza arashobora kandi kuba umuhuza, agahanura akoresheje ubuhinga n'ubumenyi yize, abantu ntibarinde kuja imbere y'intahe kandi bari gushobora kwumvikana.
43. Ariko rero tubiravye neza, mu Burundi twubakiye Ubutungane bwacu ku mategeko yanditse ntidushiremwo Ubuntu bwamyeye buranga basokuru gusa, vyotugora gutora inyishu zirama.

Twibutse kahise kacu, tukaraba abantu bihagiye amatungo ya benewabo kubera gusa bagize ivyago vyo guhunga intambara, tukaraba kandi ukuri umugwi ushinzwe gutohoza ukuri no kunywanisha Abarundi CVR uriko uratwerekana, duca tubona ko mu Burundi dukwiye kwishimikiza n'izindi nkingi z'ubutungane hamwe n'imico y'ubuntu, impuhwe, ubuvyeyi n'urukundo kugira ngo dutunganirize abantu. Hariho abacamanza, inyamiramabi n'abashingwamanza ba ruburakigongwe. Biramaze ugaragara ko hariho abacamanza bafise umutima w'ibuye, badashobora guterwa ikigongwe n'umukene, impfuyi n'abapfakazi. Abantu mwene abo baratera iseseme Imana. Nkako, mu Gitabo co Kwibutsa Amategeko handitswe ngo: *“Harakavumwa uwurenganya inyambukira, impfuyi n'umupfakazi” (Deut 27,19).*

44. Ibikorwa vy'iteka biriko birarangurwa n'imirwi CVR na CNTB, nta nkeka ko bizofasha igihugu cacu gutsimbataza amahoro n'umutekano, Uburundi n'Abarundi babohoke, umwumvikano uzira ihorihori vyiganze. Iyo mirwi yaje hageze kwunganira ubutungane bwari bwarafutanye, kugira ngo igorore ivyagoramye, abantu babane ata kwinubana canke gufatira mu kivunga ngo abanaka ni bo bampekuye; ukuri kumenyekane, imitima y'Abarundi itekane maze bubake igihugu cabo ata wandyawangura.

45. Kubera ko Jewe nk'Umukuru w'Igihugu natahuye kuva kera ko ntegerezwa gutunganiriza abantu nk'uko Imana ibishaka, naratanze inomero zanje za terefone kugira ngo Umurundi wese avyipfuzwa, anshikirize akamubakiye igihe cose bikenewe.

Twashizeho n'udusandugu abenegihugu bashiramwo udupapuro twanditseko ivyipfuzo vyabo. Ivyo vyose bikorwa neza, kandi ibibazo vyinshi vyanshikiriye ni ibibazo vy'Ubutungane. Hari n'ibindi bibazo vyinshi cane bishikirizwa muri ca kiganiro tugirana n'Abamenyeshamakuru n'abenegihugu ku nsamirizi. None ko vyinshi vyononekaye kubera bamwe bamwe muri mwebwe, aha ntimwonkundira tugafashanya kubitorera umuti?

46. Ibintu birononekara Buramatari, Umushikirizamanza wa Repuburika mu Ntara hamwe n'Umukuru wa Sentare Nkuru z'Igihugu bari aho. Hagize umwe muri bo arenganya umuntu, hanyuma uwo muntu arenganijwe akaza gutabaza umwe muri bo, imbere yo gufata ingingo babanza kuvugana. Turamaze kubona neza ko kenshi bakingiranira ikibaba, kubera gusa bama basangira icupa. Ivyo bintu mubigirira iki ga yemwe?

47. Nimuje inama mu gutunganiriza abantu mureke gufashanya murenganya abantu. Nimureke gukoresha nabi Buramatari. Buramatari aserukira Umukuru w'Igihugu mu Ntara, atabarije abenegihugu barenganijwe ntaba yinjiriye ubutungane. Ni vyiza ko abajejwe ubutungane mu Ntara bamenya ingene abenegihugu bamerewe, maze bakitwararika kwikubita agashi igihe cose uwujejwe intwari abakebuye, ko hari uwo barenganijwe aho kwitwararika kumukwegakwegera ku ruhande rw'akarenganyo bagiyemwo.

Bavukanyi murongoye abandi mu gisata c'Ubutungane,

48. Umugwi umw'umwe w'abakozi bo mu Bushikiranganji bw'Ubutungane, umwe wese ku bimwerekeye arafise uruhara mu vyakozwe neza canke mu vyononekara mu gisata c'Ubutungane. Iyaba abakozi b'Ubushikiranganji bw'Ubutungane bose bakora neza ico bajejwe, imanza zoba nke mu gihugu, kandi ntizodindira nk'uko vyibonekeza ubu.

- Hari vyinshi *Abashikiranganji batandukanye n'Indongozi bakorana* bagiye baradadanura, mugabo hariho n'ivyo baziritse gushika ubu biduteye ingorane zidasanzwe.
- *Abacamanza n'Abashikirizamanza* baratunganije ibintu vyinshi, mugabo hariho n'imanza baziritse bitoroshe kuzikosora. Mu bajejwe guca neza ingendo n'intumbero imanza zijanye n'intwari, hariho abadatahura igihugu kirimwo, bafata ingingo zihushanye n'ibihe igihugu kigezemwo, bikadutera ingorane bimaze kwandikwa.
- Hariho ibintu biba ukamengo Umushikirizamanza n'Umucamanza bumvikanye. Umushikirizamanza wa Repuburika ntaco asa asana n'abari mu masentare, kuko ni umuburanyi aburanira igihugu n'abenegihugu. Ntibibereye ko yiyobagiza ukuri akuzi, canke kugira nkunzi.

- Hari ibintu vyinshi dusoma mu manza zaciwe tukibaza intumbero *abanditsi b'imanza* bari bafise igihe bavyandika. Hariho aba-greffiers bandika nabi imanza, ugasanga umwenegihugu mu kuburana yerekana impapuro zitabona, canke zanditseko ibintu bidatonze neza. Abacamanza nibabe baraba ivyo aba-greffiers banditse, babonye bitabereye barondere abazi kwandika neza.
  
- Mu Butungane, iyo imanza zaciwe neza ziguma ari urufatiro (Jurisprudence). Birashika rero umuntu akibuka imanza zaciwe mu myaka yahera, hanyuma umuntu akazirondera, zimwe zikaboneka, izindi akabura iyo zakamanganiye. Ntitumenya rero ko biva ku gushingura nabi canke ku ngeso mbi ishobora gufata *abanyamabanga mu maparake* bakazimanganya imanza babibona.
  
- Twarabajije igituma mu Burundi ata manza z'urufatiro abantu bikugura tubona. Mwatubwiye ziriho, kandi ko Sentare Ntahinyuzwa imaze kuzishira ahabona, mutubwira ko ikibazo kihari ari ingene zimenyekana haba ku bacamanza canke abenegihugu (vulgarisation) ngo hakenewe uburyo bwo kubikora. Ndabatumiye kuraba ingene Umunyamahanga yitwa Dr. Stef Vandeginste, yashoboye gushira ku gisengebumenyi amategeko yerekeye Uburundi yose, muce mumbwira na twe ko dukoresheje ubwo buhinga ivyo vyotunanira. Murandike ku Gisengebumenyi aya majambo ngo « Droit, pouvoir et paix au

Burundi » mwirabire ivyo amaze gushiraho. Bisaba amahera angahe ?

- *Abagendesha imiduga y'abacamanza ni bo ba mbere bamenya amabanga abagenda kuri « terrain » bagenda baravuga. Hari igihe bamenya inabi iriko irategurwa, bakinumira.*
- *Abajejwe isuku n'ibikorwa vy'iminwe vya misi yose barashobora kurerekera abarya ibiturire, abanyegeza amadosiye n'abonona.*
- *Abanyabigega bo bamana ibigeragezo, kuko baca bashaka kuyarya. Tuzoshika ryari ku gihe umuntu wese ashima ariko ararya ivyo yabiriye akuye n'abanyabigega barimwo?*
- *Abahinga bajejwe imirimo n'amabanga atandukanye ,abumviriza abakomeretse ku mutima n'abafise ibibazo vyo kubana n'abandi mu mabohero, abanonosoye ivy'ukwubaka no gutunganya amatongo, hamwe n'abahindura indimi amategeko yanditsewo, bamwe bose mu vyo bajejwe, barashobora gukiza canke kwica ingendo y'ubutungane mu gihugu.*
- *Hari Abashingwamanza batabara kandi bakabohoza abantu n'abandi bemera bakagurwa, aho gutabara bagaheba uwo baburanira agatsindwa yari mu kuri, agapfungwa, n'uguherayo agaherayo.*

- Hari *inyamiramabi* zikoreshwa amakosa n’abenegihugu, zikakira imanza zitagenewe, kandi zitemera ko umuntu yazishitse mu minwe ahava adatanze ikintu.
- *Abahuza bo ku mitumba*, nta vyinshi mfise ndabavugako, ntaco barerekana, ariko twizeye ko bazoremurura abacamanza.

Banyakwubahwa mwese,

Bavukanyi muri mu gisata c’Ubutungane;

49. Muramaze gutahura intumbero nshasha turimwo yo gutumbereza urwego rw’ubutungane. Umwe wese acunge ntihagire ikosa rica mu vyo ajejwe. Mu bihugu vyateye imbere, umucamanza arakundwa gusumba mbere n’uwatowe n’abenegihugu, kuko uwatowe bishika agahemuka ntashire mu ngiro ivyo yemeye, ariko umucamanza we agaha ijambo uwarenganijwe n’uwo bimye ijambo agashikiriza akababaro kiwe. Dutegerezwa gushika aho mu Burundi abacamanza baba ba rutungaboro, abizigirwa n’intungane.

50. Narabajije intambamyi bafise mu Bushikiranganji bw’Ubutungane, ng’ibi bimwe mu vyo bashikirije:

- Uburyo buke buhabwa ubushikiranganji bw’Ubutungane bigatuma hakena imiduga, amamashini, n’ibindi;
- Gukoresha ubuhinga bwa none n’imashini nyabwonko ntibiteye imbere ku rugero rushimishije;



- Abakozi badakwiye kandi bakeneye gukarihizwa ubwenge;
- Imishahara mitomito ;
- Igiturire kicibonekeza mu bacamanza bamwebamwe.

51. Ku bijanye n’Imishahara mitomito, dutahure ko umushahara uva mu mwimbu, ahubwo dukomeze ikivi kugira ikigega ca Leta ciyongere. Dutuze ba kaboko, ibiturire, isesagurwa ry’ubutunzi bw’igihugu n’ubunyonyezi.

Ngirako nsaba nshimitse yuko sentare idasanzwe ijejwe kurwanya ibiturire n’ubunyonyezi bw’igihugu (cours anti-corruption) ikurikiranire hagufi igarurwa ry’ivyibwe mu kigega c’igihugu, ntigarukire gufunga gusa abanyonyezi bafashwe kuko twasanze abo banyonyezi barekuwe baca baja kwigamba barya ivyo banyonyeje ata nkomanzi.

52. Nuko rero, ubutunzi bw’igihugu bwiyongeye, umushahara uraduga, ibikoresho bikarwira ariko tubishikako umwe wese akoze neza ico ategerezwa gukora umwimbu ukiyongera. Ikibazo c’imishahara rero muri rusangi turasaba abariko barabitegura ko bobinyarutsa, kugira n’abakozi bo mu butungane , batunganirizwe hamwe n’abandi ata mwana n’ikinono .

53. Murazi neza ko twahinduye ingendo mu bijanye n’amahera Reta ikoresha ku mwaka, aho uburyo bukurikira ikirangamisi ubushikiranganji buba bwatanze. Ni mwitunganye mushire muri Budget Programme y’Ubushikiranganji bw’Ubutungane ibikenewe vyose ngo hagurwe ibikoresho, imashini nyabwonko, hagurwe inyubakwa n’ibindi.

54. Kugira ngo akazi korohe kandi ibibazo bijanye n’imanza z’urufatiro bihere, ndasavye mube aba mbere bashira mu ngiro Umugambi w’igihugu wo gukoresha ubuhinga ngurukanabumenyi (Digitalisation). Ahubwo mbere ndabasavye kuwushira mu ngiro vuba.

55. Mwagumye muvuga kandi ivy’ubukene bw’abakozi mu Bushikiranganji bw’Ubutungane. Reka nanje ndabasabe munyereke ku Ntara ku Ntara ingene abakozi banyu batondetse ku kivi (ordre de bataille) kugira tubone ikibanza kibuze umukozi n’ubushobozi bw’uwo abuze tumurondere.

56. Ku bijanye n’igiturire, Urwego rw’Ubutungane ubu rugiyeye gukurikirana neza abarya ibiturire ku buryo bahanwa hakiri kare. Ariko kugira ngo ivyo bikunde, abegwa n’Ubutungane twese tubwirizwa gusenyerera ku mugenzi umwe, tukirinda gukingiranira ikibaba, umuntu wese aronse inkuru akayitanga mw’ibanga, uwuyironse na we akiga kurigumya.

57. Imbere yo gusozera, munkundire dusezerane kandi duhanurane.

- Ni ngombwa ko dutegera ko urwego rw’ubutungane rwari rwarafutanye kubera mu misi yahera cari cabaye igikoresho c’abarongozi, bigaca bituma abarugize bigenza ukutari kwo. Uno musu ni igihe co guhinduka tujane n’ibihe tugezemwo, ubu umukuru w’ubutungane ni umwenegihugu.

- Ni ngombwa ko dutegera ko turi ba MVUYEKURE mu vy'Ubutungane, duheze dukore mu ntumbero yo gukosora ivyo twononye muri kahise. Mu kubikosora hajemwo n'akigoro, kuko nimwakora ivyo mutegerezwa gusa kandi mu mwanya w'akazi gusa, muzokora bike.
  
- Muce imanza mwerekana ko muri abanyabwitonzi koko. Erega hariho Imanza zisaba ubwitonzi. Akarorero, urubanza rushobora kugira ingaruka mbi ku muryango, ku kibano, ku gihugu, mumenye gusoma kazoza, hamwe n'ibitibonekeza mw'itegeko.
  
- Gusoma amategeko vyonyene ntibikwiye ngo Abarundi bumve ko batunganirijwe, kugira ngo umuntu amenye ukuri kwose, hari izindi ngabirano akenera. Birabereye rero ko abatoranye iteka, ibango n'ibanga ryo gutunganiriza abandi, baba intungane mu buzima bwa misi yose, ntihagire uwubatora amahinyu. (Il ne suffit pas de dire le droit encore faut-il être droit). Umwibutsa w'ikirundi ngo : « *Imana igira aho Imaniye* », Imana ntishobora kuguha umutima w'amategeko utemerera mutima kukwereka ukuri.
  
- Nk'uko twatanguye tuvuga ko gutunganiriza abantu ari iteka, nimuze turigendere. Muri iki gihe c'Ubuginga bwa none, nimubure mugire ico mutinya. Nta wukora inabi ngo habure uwumusesera agatabi, twirinde gucafuzwa urwego rw'Ubutungane no kwiyambura umutamana mu kurya

ibiturire, kuko impera n'imperuka biramenyekana. Ntimwibagire ko *Akabanga gasumba ingabire*.

- Ndasavye abahuza bo ku mitumba gukora ibishoboka vyose kugira ngo amatati y'abantu aduga mu masentare agabanuke, kandi barabishoboye.
- Gerageze muheze guhinyanyura amategeko kugira ajane n'ibihe tugezemwo. Turakeneye ko ubutungane bukurikirwanwa kuva ku ntahe yo kumugina gushika muri sentare ntahinyuzwa, ata gusimba inzego ngo ni uko uri umunyamahera.
- Birabereye ko Ubugenduzi bw'ubucamanza ku nzego zose buboneka neza, maze igikorwa buriko burakora kikagaragara:
- Nimurondere guheza neza. Mu Burundi turacabuze inararibonye duhurizako twese mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'Igihugu. Nimube abahizi n'icitegererezo abazovuka bazokwama bibuka. Andika ibitabo bazofatirako, ca imanza mufise mu muzirikanyi ko zizokwandikwa mu mateka y'igihugu. Mbega ko ubucamanza mu Burundi bumaze imyaka irenga 50, umuntu twokwita imboneza mu butungane yoba nde? Turakeneye rero abantu barinda uruvugo n'uruhamo bagaca imanza ibihe vyose ata wubateye igitsure. Turakeneye imboneza n'inararibonye tuzokwama duhurizako mu mateka y'Ubutungane bw'Uburundi.

- Hari ingeso mbi yadutse yo kwiba abantu, aho umuntu yibira abantu mu kirimba akoresheje urwenge n'abize amategeko. Abacamanza bakorana na bamwe bakora ikirimba, umwenegihugu akaka ideni mu kirimba bakamuha umuriyoni kugira ngo azosubize imiriyoni zitatu haciye ukwezi kumwe gusa. Kubera bidashoboka, bene kuyatanga baca bakorana n'Abashikirizamanza b'Igihugu (Procureurs) mu kubishuriza, bakabasororera, na bo bagafunga umuntu mu kurindira ko ariha. Iyo bintu bihagarare uyu musu. Umu-Procureur azofatwa yasubiriye gupfungira umuntu amahera yaciye mu busuma mwene ubwo, azobogozwa ubutarariye.
  
- Ndateye akamo ababurana kwimenyereza guhanuza abantu b'intungane, hanyuma bemere aho intahe ishize. Abatavyumva bahanuze umukuru wa sentare canke buramatari. Ntibibereye kujuragiza abacamanza, kandi ubona ko usimba uvunika. Tureke ingeso ngo ntawicira urubanza. Imbere yo kuja mu ntahe, banza uhanuze nawe wigire inama. Biramaramaje kwitwara utagira ukuri.
  
- Mu kibano murashobora kubona umuntu arenganijwe mukinumira. Twimenyereze kugira urunani rwo kuburanira umwenegihugu wese baciriye urwa ngondagonde. Abazi amategeko bubahuke begere umucamanza bamwereke aho yahuvye.

58. Nagira ndabamenye kandi ko ngiye gutangura isekeza ryo kurwanya akarenganyo mu bucamanza, abacamanza bigenza nabi bazohanwa vy'akarorero.

Kubera ivyo ndasavye **Ubwa mbere abenegihugu :**

- a) Guhanuza musitanteri imbere yo gushinga urubanza. Musitanteri yanse kwumviriza ngo atange impanuro, azohanwa ;
- b) Guhanuza buramatari imbere yo kwunguruza urubanza ruva muri sentare nkuru y'intara. Buramatari nawe ahanuze umukuru w'iyi sentare ;

Ndasavye kandi **ubushikiranganji:**

- a) Kugira urutonde rw'abapfunzwe atari abagirizwa ubwicanyi n'a ba rusenyanzugi.
- b) Kugira urutonde rw'abapfunzwe barahejeje igihano n'ico bagirizwa.
- c) Kugira urutonde rw'abana bapfunganwe n'abavyeyi babo.

Izo ntonde muzinshikirize bitarenze **igenekerezo ryakabiri ndamukiza.**

- d) Ndabasavye kandi kunyarutsa impinyanyuro y'amategeko agenga inzego z'ubucamanza.

**58. Ubu rero reka duce ku mayange ku ngingo mutegerezwa gukurikiza bidatevye kuko twazigarutseko kenshi:**

- Abatari abicanyi, canke batagirizwa icaha co guhungabanya umutekano canke gufata ku nguvu, baburane bataha;
- Abana bose bari mu mabohero kubera abavyeyi tubakureyo vuba;
- Turwize gukoresha ibihano vy'ibikorwa vy'inyungu rusangi aho kwama duheza umuntu mu gasho kubera ikintu kitaremereye;
- Imanza zose zikiri mu nzira, nizisozerwe , nizacitse zishirwe mu ngiro;

**59. Mu kurangiza, nagira ngo nsubire kubipfuriza umwaka mwiza wo gutsimbataza ubutungane mu bantu no mu mitima yacu. Umwaka w'2023, muzowumare murondera kuba urugero abazovuka mu nyuma bazofatirako mu vy'ubutungane. Ndabipfurije kuroranirwa muri vyose.**

**NIHARAMBE UBUTUNGANE BUVYARA AMAHORO MU  
BURUNDI,  
IMANA IBAHEZAGIRE,  
MURAKOZE**

